

# 26

jiyè

**Depi nan po tèt nou rive anba pla pye nou, nanpwen kote nan kò nou ki pa malad. Se feblès, se foulay, se san k ap koule. Yo pa netwaye yo, yo pa mare anyen sou yo, yo pa mete medikaman sou yo pou kalme doulè yo.** Ezayi 1. 6

**Senyè !... souf lavi a nan mwen toujou. W ap geri m, w ap banm lavi.** Ezayi 38. 16

## **Yon dyagnostik enfayib**

Toupatou kote l te pase, Jezi t ap geri moun ki malad. Gerizon l te lye ak mesaj pou sove lèzòm (Lik 9. 6). Men, kijan Jezi te aji lè l te fin fè mirak yo ? Lè Jezi te fin geri yon nonm paralize, Li di nonm lan dapre fwa li : “peche ou yo padone” (Mak 2. 3-12). Jezi te vini pou li geri nanm moun ki gen plis valè pase gerizon kò a. Men, pou montre otorite li genyen pou padone peche, li geri nonm sa a kite paralize pou montre pouvwa li ak konpasyon l anmenmtan.

Yon medsen ki kontante l pou l geri yon moun ki gen fyèv oubyen yon tèt fè mal san l pa chache koz maladi a, li ka pa gen konpetans oubyen konsyans pwofesyonèl. Gwo doktè nou an montre nou jan li fò nan dyagnostik li, fè nou rive dekouvri gwo pwoblèm ki fè lòm ap malad konsa, tout malè k ap rive nan lemonn pa gen lòt koz : se yon maladi moral ki rele *peche*. Tandans nou se kanpe pou nou gade jan l manifeste : mizè, opresyon, inegalite sosyal, angwas, ak tout kalite dezòd. Sa fè nou bliye vrè pwoblèm nan, se levanjil ki pote vrè remèd Bondye preskri pou trete maladi sa a.

Nou tout, ke kretyen oubyen monden, nou tout ap soufri akoz peche nan monn sa a. Jezi ka geri jodi a ankò moun ki malad si li wè sa nesesè, men li toujou padonnen peche moun, li bay moun ki kwè nan li kè poze ak jwa pou tout tan. Non Jezi vle di : Bondye ki sove.

# 26 juillet

**Depuis la plante du pied jusqu'à la tête, il n'y a rien en lui qui soit sain : tout est blessure, et meurtrissure, et plaies vives ; elles n'ont pas été pansées, ni bandées, ni adoucies avec l'huile.** Ésaïe 1. 6

**Seigneur, ... tu m'as rendu la santé, et tu m'as fait vivre.** Ésaïe 38. 16

## **Un diagnostic infailible**

Partout où il passait, Jésus rendait la santé aux malades. La guérison était liée à son message pour sauver les hommes (Luc 9. 6). Mais dans quel ordre le Seigneur agissait-il ? Quand Jésus guérit un homme paralysé, il commence par lui dire, en réponse à sa foi : “Tes péchés sont pardonnés” (Marc 2. 3-12). Jésus est venu apporter aux hommes le salut de l'âme, bien plus important que la guérison du corps. Toutefois, pour prouver qu'il a bien l'autorité pour pardonner les péchés, il rend aussi la santé à cet homme et montre ainsi sa puissance en même temps que sa compassion.

Un médecin qui se contenterait de soigner la fièvre ou les maux de tête sans en chercher l'origine manquerait soit de compétence, soit de conscience professionnelle. Notre grand Médecin, au diagnostic infailible, nous montre dans cette scène quel est le vrai problème de l'homme, la cause de tous ses malheurs : une maladie morale mortelle qui s'appelle *le péché*. Notre tendance est de nous arrêter à ses manifestations visibles : misère, oppression, inégalités sociales, angoisse, désordres de toute nature, en oubliant le vrai problème auquel l'Évangile apporte le remède divin.

Tous, croyants ou incroyants, nous connaissons des peines diverses dans ce monde, conséquences plus ou moins directes du péché. Jésus peut aujourd'hui encore apporter la guérison totale à un malade s'il le juge bon, mais il donnera toujours le pardon, la paix, la joie pour l'éternité à celui qui croit à son nom : Jésus (Dieu sauveur).